

VAKSEN TETANÒS AK DIFTERI (Td)

Sa ou dwe konnen
anvan ou menm
oswa pitit ou
resevwa vaksen
sa a



ENFÒMASYON SOU MALADI SA YO

Tetanòs (maladi kòrèd) ak difteri se maladi grav yo ye. Yon jèm ki antre nan kò ou pa yon ti blese lakòz tetanòs.

Difteri li menm pwopaje lè jèm yo pase soti nan yon moun enfekte ale nan nen oswa gòj lòt moun.

Tetanòs koze:

Lakranp ki grav epi ki fè mal anpil nan tout misk yo

Li ka vin bay:

- machwa ki vin "bloke".
- Pasyan an paka ouvri bouch li ni li pa ka vale
- lanmò

Difteri koze:

Yon chè epè nan nen, nan gòj oswa nan gòjèt yon moun

Li ka vin bay:

- pwoblèm pou respire
- kè ki pa fonksyone byen
- paralizi
- lanmò

ENFÒMASYON SOU VAKSEN YO

Avantaj vaksen yo

Vaksinè se meyè fason pou pwoteje yon moun kont tetanòs ak difteri. Gras a vaksen, kounye a nou jwenn mwens ka maladi sa yo. Malasi sa yo ra nan timoun paske preske tout timoun pran vaksen DTP (vaksen kont Difteri, Tetanòs ak Koklich), DtaP (vaksen kont Difteri, Tetanòs ak yon lòt kalite Koklich) epi DT (vaksen kont Difteri ak Tetanòs). Nou tap jwenn anpil ka anplis si nou te sispenn vaksinè moun.

Kilè pou ou pran vaksen Td

Vaksen Td fèt pou moun ki gen 7 an daj oswa plis.

Moun ki pat resevwa omwen 3 dòz nan nenpòt nan vaksen difteri ak tetanòs yo (DTP, DtaP, DT) pandan vi yo ta dwe pran vaksen Td. Apre yon moun fin pran twazyèm dòz la, li bezwen pran yon dòz Td chak di zan pandan tout vi l.

Moun ka resevwa lòt vaksen an menm tan ak Td.

Di doktè ou oswa enfimiyè ou si moun nan ki ap resevwa vaksen an:

- Te janm fè yon eyaksyon grav oswa te gen lòt pwoblèm ak Td, oswa ankenn lòt kalite vaksen tetanòs ak difteri (DTP, DTaP, oswa DT)
- Gen yon maladi ki grav oswa ki pa fin twò grav kounye a
- Li ansent

Si ou pa fin si, mande doktè ou oswa enfimiyè ou.

Ki danje ki genyen nan resevwa vaksen Td?

Tankou ou jwenn nan tout medikaman, vaksen an gen yon ti chans tou piti pou li lakòz domaj grav, oswa menm lanmò apre ou fin resevwa li.

Danje ki genyen nan vaksen an pi piti lontan pase danje ki genyen nan maladi yo si moun te sispenn sèvi ak vaksen.

Preske tout moun ki resevwa Td pa gen pwoblèm avè l.

Ti pwoblèm

Si pwoblèm sa yo rive, dabitid yo koumanse ant kèk èdtan jiska youn ou de jou apre vaksinasyon. Yo ka dire youn ou de jou:

- Pati kote yo bay vaksen an ka vin fè mal, li ka vin wouj oswa li ka vin anfle

Pwoblèm sa yo ka pi grav nan granmoun ki pran vaksen Td souvan.

Ou ka sèvi ak *Acetaminophen* oswa *Ibuprofen* (ki pa aspirin) pou redui doulè a.

Pwoblèm grav

Pwoblèm sa yo rive trè raman:

- Reyaksyon alèji grav
- Doulè ki fè ou mal sou anndan, epi misk ki vin piti nan pati anwo bra ou. Sa konn koumanse ant 2 jou jiska 4 semenn apre piki a, epi sa ka dire plizyè mwa.

Kisa pou ou fè si gen yon reyaksyon grav:

- ☞ Rele doktè oswa mennen moun nan kote youn doktè tousuit.
- ☞ Ekri sa ki te rive a ak dat epi lè li te rive a.
- ☞ Mande doktè ou, enfimyè ou, oswa moun nan depatman sante ou a pou li ranpli yon fòm "*Vaccine Adverse Event Report*" (Fòm pou bay enfòmasyon sou yon reyaksyon ki rive apre youn moun te pran vaksen) oswa rele ou menm:

(800) 822-7967 (gratis)

Pwogram Nasyonal ki Peye Moun ki Domaje apre yo Pran Vaksen (**National Vaccine Injury Compensation Program**) bay lajan lè yo jije youn moun te domaje nan resevwa vaksen. Pou plis detay, rele:

(800) 338-2382 (gratis)

Si ou vle plis enfòmasyon, rele doktè ou oswa enfimyè ou. Yo ka ba ou fey enfòmasyon sou vaksen an oswa yo ka di ou ki kote pou ou jwenn plis enfòmasyon.

